



Ou se yon ABAWD. Kisa pou ou fè kounye a?

ABAWD vle di Adilt ki Pa Enfim ki Pa Gen Depandan sou Kont (Able-Bodied Adult Without Dependents) yo. Yon ABAWD se yon moun ki gen ant 18 a 64 ane ki kapab travay epi ki p ap viv ak okenn timoun ki gen mwens pase 14 ane. Distri sèvis sosyal lokal ou ap di ou si ou se yon ABAWD.

Si ou se yon ABAWD, ou ka sèlman resevwa benefis SNAP pandan 3 mwa sof si ou satisfè règ travay federal pou ABAWD yo.

Si ou panse ou ta dwe egzante de règ travay federal ABAWD yo, pale ak distri sèvis sosyal ou a.

Èske Ou Egzante?

Ou ka pa bezwen satisfè règ travay ABAWD yo si ou:

- Pi piti pase 18 ane, oswa gen 65 ane oswa plis
- Ap viv ak yon timoun ki gen mwens pase 14 ane
- Yon moun ki ap resevwa avantaj pou andikape nan men yon sous prive oswa piblik, tankou benefis pou andikape Eta Nouyòk yo
- Ansent
- Yon moun ki gen yon kondisyon fizik oswa mantal ki limite kapasite li pou travay
- Pran swen yon moun ki andikape
- Satisfè règ travay yo nan kad pwogram Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) yo
- Resevwa oswa aplike pou benefis chomaj yo
- Patisipe nan yon pwogram tretman ak reyabilitasyon pou dwòg oswa alkòl
- Ale lekòl, kolèj, oswa nan yon pwogram fòmasyon omwen pou mwatye tan (etidyan yo ka sijè a lòt règ kalifikasyon)
- Deja ap travay omwen 30 èdtan pa semèn
- Deja ap touche omwen 217.50 dola (30 fwa salè minimòm federal la) oswa plis nan yon semèn
- Ap resevwa oswa aplike pou SSI
- Ou se yon Endyen, Endyen Iben, Endyen Kalifòni, ak/oswa lòt Endyen ki kalifye pou Sèvis Sante pou Endyen (Indian Health Services)

*** Tanpri enfòme travayè ou a si nenpòt nan egzansyon sa yo aplike pou ou.**

Pa Pèdi Benefis SNAP Ou yo!

Pou kontinye resevwa benefis SNAP yo apre 3 mwa, ou dwe:

1. **Travay (peye oswa pa peye)** ak/oswa fè yon **aktivite Travay ak Fòmasyon (Employment and Training, E&T)** ki apwouve pou 20 èdtan pa semèn (80 èdtan pa mwa);
OSWA
2. **Fè travay volontè** oswa patisipe nan yon **Pwogram Eksperyans Travay (Work Experience Program, WEP)** nan yon òganizasyon san bi likratif oswa piblik. Kantite èdtan ou dwe fè pa mwa depann de kantite benefis SNAP ou resevwa chak mwa ak salè minimòm lokal la.*
3. **Soumèt prèv** ki montre konbyen èdtan w ap travay, ap fè travay volontè, oswa ap patisipe nan yon aktivite E&T ki apwouve. Pale ak distri sèvis sosyal lokal ou a pou asire ou konnen ki kalite prèv pou w montre epi kote pou soumèt li.

*Egzanp: Si ou resevwa 155 dola chak mwa nan SNAP epi w ap viv nan rejyon nò eta a kote salè minimòm nan se 15.50 dola, lè sa a, ou dwe konplete 10 èdtan travay volontè oswa WEP chak mwa.